*कृषि वृद्धिदर*

प्रधानमंत्री डॉक्टर मनमोहर सिंह भरोसा दिहले हवें कि बरहवीं पंचवर्षीय योजना के समय में कृषि क्षेत्र में चारि फीसदी क वृद्धिदर हासिल करे खातिर हर तरह क कोसिस कइल जाई। आजु लोकसभा में प्रस्नकाल के समय उहां के कहलीं कि योजना के लक्ष्य के पावे खातिर पुरहर संसाधन जुटावल जाई। योजना राज्यमंत्री अस्वनी कुमार कहलें कि येह योजना क उद्देस्य अर्थव्यवस्था क संतुलित विकास सुनिस्चित कइल हउवे। खाये वाले तेल के पैदावार में कमी क चरचा करत उहां के कहलीं कि बरहवीं योजना के आखीर ले इनकर मांगि पांच करोड़ नब्बे लाख टन भइले क आगम बाटे। उहां के कहलीं कि मांगि अउरि आपूर्ति के बीच के अन्तर के खाये वाले तेल क दुसरे देसन से आयात कइ के पूरा कइल जाई।

*****

*चीनी/लोकसभा*

देस में येह सालि चीनी क उत्पादन दुइ सौ एक्यावन लाख टन से बेसी भइले क आगम बाटे। कपास क पैदावार तीनि सौ बावन लाख गांठि भइले क अनुमान लगावल गइल हौ। वाणिज्य अउरि उद्योग राज्यमंत्री ज्योतिरादित्य सिंधिया आजु राज्यसभा में येह बाति क जनकारी दिहलें। उहां के कहलीं कि सरकार चिन्नी आ कपास के लेके हर तरह के समान के निर्यात नीति क समय–समय पर समीक्षा करे ले।

*****

*हज*

प्रदेस सरकार कहले हवे कि गाजियाबाद में हज हाउस बनवले क कार एक बरिस में पूरा कइ लिहल जाई। सरकार बनारसो में हज हाउस बनववले क घोषणा कइले हवे। मुख्यमंत्री अखिलेस यादव काल्हि लखनऊ में एह सालि खातिर हज यात्रियन के लाटरी कार्यक्रम क शुरूआत करत कहलें कि हर हज हाउस में यात्रियन के हर तरह के सुविधा क धियान रक्खल जाई। उहां के कहलीं कि प्रदेस सरकार केन्द्र से राज्य क  हज कोटा बढ़वले क अरज करी। येह बिच्चे प्रदेस से हज यात्रियन क कोटा बढ़वले के बारे में आजु लोकसभा में मांगि कइलि गइलि। सून्य काल में समाजवादी पारटी क रामकिसुन कहलें कि प्रदेस से करीब पैंतिस हजार लोगि पहिले हज यात्रा पर जात रहलें। ई संख्या अब घटा के करीब पचीस हजार कइ दिहल गइल बा।

*****

*जाँच*

मुख्यमंत्री अखिलेस यादव येह बाति के फेर से दोहरवले हवें कि उनकर सरकार पछिलकी बसपा सरकार के समय में भइलि गड़बड़ी क पुरहर जांचि करवाई। काल्हि लखनऊ में एगो कार्यक्रम में संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के आरोप लगवलीं कि मायावती सरकार के समय में करीब चउवालिस हजार करोड़ रूपिया क घोटाला भइल हवे। उहां के कहलीं कि घोटाला के जांचि के सिलसिला में कानून आपन कार कइ रहल हौ अउरि सरकारी जांचि एजेंसी आपन जिम्मेवारी निबाहति हईनि। उहां के कहलीं कि भ्रष्टाचार के मामिला में दोसी पावल गइल लोगिन के छोड़ल नाहीं जाई।

*****

*पुलिस स्थानान्तरण*

प्रदेस सरकार दावा कइले हवे कि हाले में कइल गइल बीस हजार से बेसी पुलिस के सिपाहियन के तबादिला में हर तरह से पारदर्सिता रक्खल गइल हवे। एगो सरकारी प्रवक्ता बतवले हवें कि येहमन से सतरह हजार से बेसी सिपाहियन के अइसन जगहिन पर भेजल गइल बाटे जहवां ई लोगि अपना अरजी में पहिला विकल्प के रूप में जाइल चाहत रहलें। एकरे अलावे एक हजार चारि सौ से बेसी सिपाहियन के दुसरका विकल्प वाले जगहिन पर तैनात कइल गइल हौ। नौ सौ एकहत्तर सिपाहियन के तिसरका विकल्प वाले जिलन में तैनाती दिहल गइल हौ। प्रदेस सरकार हाले में सिपाहियन के उनके अपना जिला के नगीच्चे तैनात कइले पर लगावलि गइलि रोकि हटा दिहल रहे अउरि तबादिला चाहे वाले सिपाहियन से तीनि विकल्प के साथे अरजी मंगले रहे। राज्य पुलिस एकरे खातिर एगो कम्प्यूटर सॉफ्टवेयर विकसित कइलसि अउरि ओकरे हिसाबि से तबादिला आदेस जारी कइ दिहल गइल।

*****

*आजीविका मिशन*

केन्द्र सरकार के राष्ट्रीय ग्रामीण आजीविका मिसन योजना में मिर्जापुर के बेरोजगार मेहरारून के अपने गोड़े पर खड़ा करे खातिर उन्हें ट्रेनिंग दे के रोजगार क मौका दिहल जाई। योजना में सहर के बेरोजगार मेहरारून के ब्यूटीसियन अउरि देहात क मेहरारून के रेडिमेड कपड़ा बनवले क ट्रेनिंग दिहल जाई। ट्रेनिंग के बाद अइसन मेहरारून के ओइजा के ब्यौपारियन से अनुबन्ध करा के उनकर बनावल समान बेचववले में उनकर मददि कइलि जाई।

*****

*प्रदर्शनी (फ्लैगशिप)*

केन्द्र सरकार के विज्ञापन अउरि दृस्य प्रचार निदेसालय की ओरि से प्रतापगढ़ में *भारत निर्माण भारत के बढ़ते कदम* विषय पर सात दिन क परदर्सनी आयोजित कइल जाई। प्रतापगढ़ के प्रभात एकेडमी विद्यालय में अट्ठारह से चउबिस मई ले आयोजित होखे वाली येह परदर्सनी में आजादी के बाद से अबले देस में हर क्षेत्र में भइल विकास के कार क झांकी सजा के देखावल जाई। ई परदर्सनी रोज दुपहरिया दुइ बजे से संझा सात बजे ले जनता के देखे खातिर खुलल रही।

*****

*निधन पूर्व विधायक*

जौनपुर नगर क पूर्व विधायक लालचन्द मौर्य क काल्हि संझा ओइजा के जिला अस्पताले में सरगबास हो गइल। उहां के करीब पैंसठ बरिस क रहलीं। उनकर अन्तिम संस्कार आजु भिन्नहीं गोमती नदी के रामघाट पर पुरहर नागरिक सम्मान के साथे कइ दिहल गइल। श्री मौर्य ओन्नईस सौ एक्यानबे में जनता दल के ओम्मेदवार के तौर पर जौनपुर नगर सीटि से चुनाव जीतल रहलें।

*****